

# Mizajou DOE pou fanmi

## Madi 20 avril 2021

### Kontni

- Lansman tranzisyon elèv klas 12yèm ane kòmanse 19 avril
- Enskripsyon pou Summer Rising kòmanse 26 avril
- Vòt pou CCEC kòmanse 1ye me

### Kòmansman Tranzisyon Elèv Klas 12yèm Ane

Atansyon tout fanmi elèv klas 12yèm ane!

Apati **Lendi 19 avril** rive **Vandredi 30 avril**, elèv klas 12yèm ane avèk fanmi yo kapab patisipe nan yon seri aktivite sou entènèt ki pral ede yo kòmanse pwochen etap lavi yo apre gradyasyon. Pami sijè yo pral pale sou yo genyen:

- Atelye èd finansye nan 10 lang
- Preparasyon pou sa ou kapab espere apre gradyasyon
- Fason pou itilize mwa ete yo pou prepare pou tranzisyon apre lekòl segondè
- Sipò pou otòn 2021 ki disponib ak kòman pou jwenn aksè nan yo
- Alèt tèks sou rapèl enpòtan ak pwochen etap

Jwenn plis enfòmasyon sou lansman tranzisyon elèv klas 12yèm ane yo nan [bit.ly/SeniorTransitionKickoff21](https://bit.ly/SeniorTransitionKickoff21)

### Summer Rising

Ete pral vin pi enteresan toujou pou elèv!

Apati Lendi **26 avril**, fanmi Vil Nouyòk ka kòmanse enskri pou Summer Rising, pwogram ete gratis Vil la pou nenpòt timoun nan klas K-12 ki vle patisipe.

Summer Rising konbine fòs akademik Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ak pwogram ranfòsman Depatman Jenès ak Devlopman Kominotè Vil Nouyòk ki baze nan lekòl yo pou ede kreye pon pou rantrè lekòl otòn sa a. Epi sa bay paran tèt poze pandan y ap retounen nan travay.

Pwogram Summer Rising disponib nan chak katye. Pwogram pou elèv ki nan klas K-8 yo ap dire tout jounen; se lidè lekòl lokal ak òganizasyon kominote konfyans ki pral dirije eksperyans anpèsòn sa yo nan anviwònman ki an sekirite ki bay sipò. Chak pwogram pral ofri sipò akademik, art, ak rekreyasyon, epi manm pèsònèl la ap prepare pou reponn bezwen sosyal ak emosyonèl elèv yo.



Pwogram Summer Rising ap ofri elèv tou pwomnad lokal nan pak, pisin, ak lòt kote anrichisan anplenenè ki edikatif epi annakò avèk règleman sante ak sekirite eta a.

Tout pwogram Summer Rising yo pral suiv pwotokòl sante ak sekirite avèk rigè, ladan distans sosyal ak mete mask, epi tout lokal pral gen aksè pou fè tè, sipò enfimyè, ak yon sant apèl telesante. Anplis, chak elèv ap resevwa, manje maten, manje midi, ak yon snack.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram Summer Rising, ale nan [schools.nyc.gov/summer](https://schools.nyc.gov/summer). Pou enskri apati 26 avril, ale nan [discoverdycd.dycdconnect.nyc](https://discoverdycd.dycdconnect.nyc).

## Ranfòsman Kapasite Fanmi ak Kominote ( Family ak Community Empowerment, FACE)

### Vòt pou Konsèy Edikasyon Vil ak Kominote ap kòmanse nan yon semèn!

Pou pwemye fwa, chak paran oswa responsab yon elèv lekòl leta Vil Nouyòk kounye a gen opòtinite pou vote pou reprezantan Konsèy Edikasyon yo!

Konsèy Edikasyon Vil ak Kominote (CCEC) sèvi kòm vwa fanmi nou yo, ki ofri konsèy enpòtan pou Chanselye a ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk.

Vòt yo ap kòmanse **Samdi 1ye** me epi ap fini Madi 11 me.

Pou vote, ou jis bezwen yon Kont Lekòl NYC ([mystudent.nyc](https://mystudent.nyc)) ki gen tout elèv ou yo anrejistre ladan. Ale nan [schools.nyc.gov/NYCSA](https://schools.nyc.gov/NYCSA) pou jwenn plis enfòmasyon sou Kont lekòl NYC. Si ou pa gen yon Kont Lekòl NYC, oswa ou bezwen èd pou enskri pitit ou nan kont ou ki egziste deja, tanpri kontakte Kowòdonatè paran lekòl ou a pou asistans.